

## Kontakte nou



Pran yon randevou konfidansyèl swa fasafas, swa nan videyo oswa nan telefòn.

### Sipò nan moman an.

EAP la pou ou 24/7, ou ka rele nan **866-724-4327** nan nenpòt ki lè ki bon pou ou.

Ale sou [eap.partners.org](http://eap.partners.org) pou mande yon randevou sou entènèt.



### Nou sèvi Mass General Brigham.

Rele oswa ale sou sit entènèt nou pou jwenn lis kote nou gen biwo nou.

Nou la pou ou...  
Nou la pou nou ede w.

Pwogram Asistans Anplwaye a angaje l pou byennèt emosyonèl ou.

## Pwogram Asistans pou Anplwaye (EAP)

**Pwogram Asistans pou Anplwaye a** se yon Resous pou Travay ak Lavi ki gratis epi konfidansyèl. Pwogram EAP a ofri seyans konsèy ki dire yon ti tan, pwogram edikatif ak resous epi referans. Nenpòt kisa k ap ba w pwoblèm, ou pa oblije fè fas ak li poukont ou.

Gen èd ki disponib 24 sou 24,  
7 jou sou 7.



# Enfòmasyon sou EAP

## **Kiyès ki kapab itilize EAP a?**

Anplwaye, estaf pwofesyonèl ak manm fanmi pwòch ki abite avèk yo. Li fasil pou aksede ak li epi li gratis.

## **Kilè mwen kapab pale ak yon Konsèy EAP?**

Yon konsèy ki bonjan kalifye disponib 24/7, 365 jou nan ane a pou ede w avèk estrès lavi a, pou ou kapab viv yon vi ki gen kè kontan epi ki pote fwi. Sèlman rele nimewo gratis la oswa vizite sit EAP a pou jwenn resous sou entènèt yo.

## **Eske lòt moun ap konnen si mwen itilize EAP a?**

Kontak ant ou menm ak EAP yo konfidansyèl. Nou pa mete okenn enfòmasyon nan dosye medikal ou ni nan dosye pèsònèl ou.

## **Repons fas ak kriz nan gwoup travay**

Konsèy nou yo nan EAP kalifye pou sipòte direksyon, estaf ak anplwaye apre ensidan twomatizan oswa evènman medikal endezirab ki kapab pètibe swen pasyan an, operasyon yo ak byennèt pèsònèl la.

## **Resous sou entènèt**

Vizite sit entènèt nou an pou jwenn enfòmasyon itil, resous, zouti pou evalye tèt ou ak dat pwochen seminè sou entènèt sou byennèt epi sou lavi ak travay nou yo. Sit la disponib nan plizyè lang.

## **Chanm pou anplwaye ponpe lèt nan tete yo**

EAP ofri chanm pou anplwaye ponpe lèt nan tete yo. Ale sou sit entènèt EAP a pou jwenn enfòmasyon sou sa ki disponib nan òganizasyon ou an.

Mwen te estrese anpil epi EAP te ede m remete priyorite m nan pèspektiv mwen. Kounye a mwen pran swen tèt mwen byen, mwen fè egzèsis, mwen dòmi byen epi m ap jwi lavi m!

EAP a te ede m anpil pou m rekanpe sou pye m. Mwen menm ak patnè m nan vin antann nou pi byen kounye a.

## Nan kisa EAP ka ede ou?

- Anksyete
- Swen timoun
- Depresyon
- Swen moun aje
- Byennèt emosyonèl
- Pwoblèm famiyal ak parantal
- Enkyetid finansye
- Dèy, pèt
- Abi ke patnè entim ou fè w
- Pwoblèm jiridik
- Pwoblèm nan maryaj oswa nan relasyon w
- Maladi fizik
- Abi fizik, emosyonèl epi seksyèl
- Estrès
- Pwoblèm ak konsomasyon dwòg
- Pwoblèm nan travay